

BAB II

GEGARAN TEORI

A. *Representasi*

Representasi saking basa Inggris, inggih menika *representation*. *Representasi* inggih menika solah bawa ingkang makili, kawontenan ingkang dipunwakilaken, menapa ingkang makili, utawi *perwakilan* (Depdiknas, 2008: 1167). *Representasi* ugi saged dipunancasi minangka gegambaran (Rafiek, 2010:67). Menawi dipungayutaken kaliyan sastra, *representasi* wonten ing karya sastra arupi gegambaran karya sastra kaliyan *fenomena sosial*. Gegambaran menika temtu kemawon lumantar penganggit minangka *kreator*.

Miturut Chris Barker (2004: 9) ngandharaken bilih *representasi* inggih menika konstruksi *social*, ingkang kedah dipuneksplorasi kados pundi makna tekstual kadadosan ugi ngrembag babagan cara dipunasilaken wos saking maneka warna konteks. *Representasi* kaliyan wosing kabudayan wonten *materialitas* tartamtu, inggih menika rumaket kaliyan swanten, *prasasti*, *obyek*, *citra*, kalawarti, lan *program televisi* ingkang kadamel, kaagem, dipuntampilaken lan dipunmangertosi ing *konteks sosial* tartamtu. Yasra Amir Piliang (2003: 28) ngandharaken bilih *representasi* inggih menika prastawa ingkang tuwuh, ananging mboten tumuju ing dhiri pribadhi nanging kaliyan sanesipun.

Representasi wonten ing karya sastra menika pancen wonten amargi saking wontenipun pamanggih bilih karya sastra menika kaca benggala, gegambaran,

bayangan, utawi tiruanipun kasunyatan. Konteks menika ngandharaken bilih karya sastra dipunpirsani minangka gegambaran ingkang nglambangaken kasunyatan (mimesis) (Teeuw lumantar Putra, 2012: 17).

Traine (lumantar Putra, 2012:18) ngandharaken tigang konsep ingkang nemtokaken kualitas *interpretasi* sastrawan. Tigang *kualitas* interpretasi sastrawan inggih menika ras, wekdal, saha lingkungan. Struktur mental menika ndadosaken tuwuhipun pamanggih ingkang tasih arupi bibit, ingkang salajengipun dening pengarang dipunwujudaken wonten ing bentuk karya sastra. Ras dipungayutaken kaliyan sipat tartamtu salah sawijining bangsa kadosta wujuding badan, swasana jiwa, solah bawa, lan sapiturutipun.

Kualitas wekdal dipungayutaken kaliyan jiwa jaman, wonten ing jaman tartamtu sawijining bangsa gadah pola kejiwaan ingkang sami sahingga arupi gegambaran tartamtu bab bangsa. Salajengipun, kualitas lingkungan arupi papan geografis lan iklim. Temtu kemawon papan geografis lan iklim ndayani kawontenan masyarakat sosial (Atmazaki, 1990: 45).

Kawontenan masarakat menika ingkang dipun*representasekaken* sastrawan wonten ing karya sastranipun. Faruk (lumantar Putra, 2012: 19) ngandharaken bilih *representasi* minangka peranganipun karya sastra arupi campuran antawisipun kekiyatan fiktif saha imajinatif. Imajinasinipun panganggit umumipun saking kasunyatan, kasunyatan ingkang dipunlampahi panganggit utawi saking fenomena sosial ingkang kalampahan. Mila, *representasi* wonten ing sastra boten namung gegambaran fenomena sosial sawijining bebrayan agung ing wekdal tartamtu.

Ananging, langkung tumuju ing gegambaran bebrayan agung lan kawontenan *sosial* lumantar *proses kreatif* penganggit. Kawontenan penganggit anggenipun proses *representasi fenomena sosial* ing karya sastra dipundayani dening ras, wekdal, lingkungan ingkang dados dhasaring karya sastra.

Miturut Jodelet (lumantar Ungureanu lan Georgescu: 2013:2) *representasi* sosial menika ngelmi sosial ingkang dipunrembak lan paring manpangat kangge pambyangun kawontenan umum kangge kelompok sosial saengga *representasi* tumut nemtokaken sesambetan ing bebrayan babagan salah bawa kaliyan gineman.

According to Jodelet, a social representation is “a form of socially developed and shared knowledge, with practical implications, which contributes to the construction of a common reality for a social group”. Representations consequently play a decisive role in the management of social relations, in terms of both behaviour and communication” (Jodelet lumantar Ungureanu lan Georgescu: 2013:2)

Andharan saking pangertosan-pangertosan ing nginggil bab *representasi* inggih menika gegambaran (kaca benggala) ingkang nglambangaken kasunyatan. Panaliten bab *representasi* menika adhedhasar pamanggihipun Teeuw ingkang ngandharaken bilih *representasi* wonten ing karya sastra wonten amargi wontenipun pamanggih bilih karya sastra menika kaca benggala, gegambaran, bayangan, utawi tiruan kasunyatan.

B. Representasi Katresnan

Katresnan menika salah sawijining raos ingkang boten saged dipunicalaken saking gesangipun manungsa. Katresnan menika raos ingkang gadah ancas kompleks

lan mboten winates. Mboten wonten watesan ingkang cetha babagan ancas saking katresnan, saben priyantun gadah pamanggih piyambak-piyambak ngengingi babagan katresnan. Miturut Karandashev (2015: 3) ing ngandhap menika:

It seems that love is a universal and biologically based emotion; when a man or woman is in love they know about this from their gut feelings, without words. Cross-cultural and cross-language barriers do not matter for them.

Adhedasar katrangan ing nginggil menika saged kaandharaken bilih tresna inggih menika emosi ingkang *universal* saha asipat *biologis* (naluriah). Tuladhanipun nalika tiyang nembe nandang katresnan, piyambakipun mangertos bab menika saking naluri tiyang kasebut, bedanipun budaya, basa, lan sanesipun mboten dados pepalang.

Chapman (lumantar Matias, Allen 2013: 5) ngandharaken bilih tresna menika babagan ingkang nyinau basa katresnan ingkang ancasipun tunggal, tresna menika kados tangki emosi ingkang kebak mila kedah tansah dipunisi.

Love, according to Chapman, simply is about learning one another's love language for the sole purpose of ensuring that our "emotional tanks" remain full. In this view, love is an object or a commodity that can be poured into our emotional tanks by another. His imaginary would have us believe that our sense of Loving Whiteness to Death 289 feeling full of love depends on little more than some internal fluctuating tank in need of continual filling in order for us to feel superficially better (Chapman lumantar Matias, Allen 2013: 5).

Field, Deutsch, kaliyan Sternberg lumantar Field (2016:1) ngandharaken pamanggihipun babagan tresna kados dene ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika:

Love can be called a deep feeling of affection, and care that involves intimacy, commitment and passion, that nourishes like air, food, water, words and touch and has a behavioral, physiological, and biochemical signature (Field, Deutsch, Sternberg, personal communications).

Miturut Erich Fromm (2018: 68) tresna menika boten namung salah sawijining sesambetan kaliyan tiyang sanes; tresna menika solah bawa, salah sawijining *orientasi karakter* ingkang nemtokaken sambung rapetipun tiyang kaliyan wosipun donya, mboten namung setunggal “obyek” tresna. Tresna menika *orientasi* ingkang tumuju kaliyan sedaya *aspek*, boten namung kaliyan satunggal tiyang, mila wonten bedanipun jinis-jinising katresnan.

Saking pamanggih ing nginggil sakit dipunpendhet dudutan bilih tresna inggih menika raos ingkang tuwuh ing manah, mboten namung sesambetan kaliyan tiyang sanes ananging ugi kaliyan wosipun donya.

Miturut objek ingkang dipuntresnani, jinis-jinising tresna dipunperang dados 5 miturut Erich Fromm kados ing ngandhap menika.

1. Tresna paseduluran

Tresna paseduluran inggih menika tresna kang dados landhesanipun sedaya katresnan, tresna menika dipunwujudaken kanthi raos tanggel jawab, nggatosaken, ngormati, piwulang kaliyan sesami, raos kangge majengaken gesangipun. tresna paseduluran inggih menika tresna kangge tiyang sanes, titikanipun boten wonten *eksklusivitas*. Ing tresna menika wonten raos manunggal kaliyan sedaya tiyang lan raos *solidaritas* antawis tiyang satunggal kaliyan tiyang sanesipun. tresna paseduluran dipunlandhesi pangertosan bilih sedaya manungsa menika sajatosipun manunggal (Erich Fromm, 2018:69-70). Wontenipun raos sadar manunggal antawis satunggal tiyang kaliyan sanesipun.

Tresna jinis menika boten nggatosaken bedanipun bakat, kewasisan, saha bab sanesipun. Mila bilih kita ngraosaken tresna paseduluran kita kedah tepang kaliyan tiyang kasebut saking lebetipun kaliyan hakikatipun tiyang gesang, sanes amargi rupa, warni kulit utawi sanesipun.

Tresna paseduluran menika tresna antawisipun satunggal tiyang kaliyan tiyang sanesipun ingkang drajatipun sami. Babagan menika kedah dipunmangertosi bilih hakikatipun tiyang gesang menika minangka makhluk sosial ingkang sami-sami mbetahaken. Ekspresi agung saking tresna paseduluran inggih menika dipuntindakaken kaliyan tiyang mboten gadah, lemah, saha tiyang *asing*.

2. Tresnaning Ibu

Tresnaning ibu inggih menika solah bawa ingkang tanpa pamrih awit saking kawontenanipun gesang kaliyan kabetahan putranipun (Erich Fromm, 2018:72). Sesambetanipun Ibu kaliyan putranipun menika tresna ingkang boten sami amargi ingkang setunggal mbetahaken sedaya pambyantu kaliyan sanesipun paring pambyantu (Erich Fromm, 2018: 74). Erich Fromm ugi ngandharaken bilih tresnaning ibu menika tanpa sarat, ngayomi sedaya. Tresnanipun Ibu menika adhedasar papadan (Erich Fromm, 2018: 93). Tresnaning ibu inggih menika tresna ingkang tansah maringi kaliyan ngurbanaken menapa kemawon kangge tiyang ingkang dipuntresnani. Tresnaning ibu inggih menika *peneguhan* awit gesanging putranipun, antawisipun babagan aspek nggulawentah kaliyan tanggel jawab sarta nuwuhaken raos tresna ing manahing putranipun ndamel putanipun ngraosaken syukur awit pagesanganipun.

Ibu menika kedah gadah watak welas asih, alus solah bawanipun, uga kedah paring kalodhangan kaliyan nyengkuyung putranipun supados saged mandiri. Mila tresnanipun Ibu menika kedah ngluwari raos nguwasani putranipun. Babagan menika dipunbuktekaken nalika putranipun wiwit ageng, dewasa amargi putranipun wiwit nyinaoni babagan gesang lajeng nuntut hak supados saged *bebas saha mandiri*. Raos lila kaliyan tansah tresnani putranipun, mliginipun nalika nembe tebih saking putranipun menika kawontenan nalika tresna Ibu dipunuji, menawi Ibu saged nglampahi kawontenan menika, Ibu kasebut sampun ngraosaken kamulyaning tresna ingkang sejatos.

3. Tresna *Erotis*.

Tresna *erotis* inggih menika *hasrat* kangge manunggal kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani (Erich Fromm, 2018: 77). Wonten *eksklusifitas* ing tresna *erotis*, ananging tresna *erotis eksklusif* nalika saged manunggalaken satunggaling tiyang kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani. Tresna *erotis* inggih menika raos kepincut tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun, tresna *erotis* ugi raos lila (Erich Fromm, 2018: 82). *Erotisme* tresna kawiwitan nalika tiyang ngraosaken tresna, menika salah sawijining prastawa ingkang ngicalaken pemisah antawis kaliyan tiyang ingkang ngraos asing setunggal kaliyan sanesipun.

Babagan *eksklusifitas* tresna *erotis* saged dipuntinggali saking raos egoisme tiyang ingkang nembe nandhang asmara, ingkang boten remen tiyang ingkang dipuntresnani nggatosaken tiyang sanes, mila ing mriki raos *cemburu* menika minangka wujud raos tresna kaliyan tiyang sanes. Bilih raos *eksklusifitas* menika

kajagi mila saged nuwuhaken solah bawa ingkang setya, ugi raos percaya antawis setunggal lan sanesipun.

4. Tresna Dhiri Pribadhi

Miturut From (2018: 86) tresna dhiri pribadhi menika dados obyek agengipun raos tresna kaliyan dhirinipun piyambak seageng tresnanipun kaliyan tiyang sanes. Tata cara anggenipun ngamalaken tresna dhateng dhirinipun piyambak menika beda wosipun kaliyan nggatosaken awakipun piyambak. Tiyang ingkang namung nggatosaken awakipun piyambak boten nate ngraosaken remen nalika maringi ananging remen nalika nampi kemawon. Tiyang sanes dipunpirsani namung saking segi menapa ingkang saged dipunmanpangataken saking tiyang kasebut. Piyambakipun boten menggalih kabetahan-kabetahan tiyang sanes, ugi boten ngajeni kodrat sarta *integritas* tiyang sanes.

Tiyang kados mekaten boten saged ninggali menapa kemawon kejawi piyambakipun kaliyan namung saged ninggali tiyang sanes nalika tiyang kasebut manpangat kagem piyambakipun. Tiyang kados mekaten menika boten gadhah raos tresna ingkang sejatos. Mila tiyang ingkang namung nggatosaken dhirinipun piyambak menika boten ngraosaken tresna dhateng dhirinipun piyambak kanthi sanget, malah kirang nresnani dhirinipun piyambak.

Beda kaliyan tiyang ingkang tresna dhateng dhirinipun piyambak menika tamtu gadhah modal dhasar kangge tresna kaliyan tiyang sanes kanthi *pengalaman* ngormati, tanggung jawab ugi tepa selira kaliyan piyambakipun. Modal menika ingkang saged nuwuhaken raos tresna kaliyan tiyang sanes, amargi piyambakipun saged tresna

kaliyan *objek* ingkang celak piyambak. Objek ingkang celak piyambak inggih menika dhirinipun piyambak. Ukuraning tresna tiyang kaliyan tiyang sanes inggih menika kados pundi tiyang menika tresna marang dhiriniipun piyambak. Dados tresna dhateng piyambakipun menika boten saged ucul saking tresna kaliyan tiyang sanes.

5. Tresna Dhumateng Pangeran

Tresna dhumateng Pangeran menika salah satunggalipun wujud tresna ingkang religius, tresna dhumateng Pangeran menika rahmat, solah bawa ingkang relijius saking tresna dhumateng Pangeran inggih menika ngimani wontenipun rahmat menika (Erich Fromm, 2018: 95). Wujud ingkang nyata kangge nyakinaken tresna dhumateng Pangeran inggih menika tansah nindakaken perintah sarta awisnaipun Pangeran. Ananging klentu menawi raos tresna dhumateng Pangeran menika ngalangi tiyang kangge tresna kaliyan tiyang sanes, amargi raos tresna kaliyan welas asih marang tiyang sanes menika parentahipun Pangeran.

Langkung-langkung manawi tresna kaliyan Pangeran boten dipunwujudaken kanthi cara welas asih marang tiyang sanes, menika tegesipun tresna menika *palsu*. Supados raos tresna kaliyan tiyang sanes boten ndamel supe dhumateng Pangeran, mila sedaya tresna menika kedah adhedasar raos tresna dhateng Pangeran, sahingga tresna kaliyan tiyang sanes boten dados maksiyat utawi dosa. Tiyang ingkang tresna dhumatng Pangeran menika tansah nindakaken solah bawa ingkang sae, ugi nebihi sedaya perkawis ingkang ndamel piyambakipun celak kaliyan solah bawa ingkang ala.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil, Novel Katresnan kang Angker menika ngginakaken teori saking Erick Form, inggih menika katresnan kaperang dados 5 jinis antawisipun: 1) Tresna Paseduluran, 2) Tresnaning Ibu, 3) Tresna Erotis, 4) Tresna dhiri pribadhi, saha 5) Tresna dhumateng Pangeran.

C. Sosioantropologi Sastra

Sosioantropologi sastra menika kadhapuk saking kalih cabang ilmu, inggih menika *sosiologi* sastra kaliyan *antropologi* sastra. Amrih saged mangertos tegesipun *sosioantropologi* sastra menika prelu mangertosi tegesipun kalih cabang ilmu kasebut. Ingkang sepisan badhe kaandharaken babagan *sosiologi* sastra. Suwardi Endraswara (2008:77) ngandharaken bilih sosiologi sastra menika cabang penaliten sastra ingkang sipatipun reflektif. Kathah panaliti ingkang ngrembag babagan sastra menika minangka kaca benggala ing pagesangan masarakat. Babagan ingkang mligi wonten panaliten sosiologi sastra inggih menika *konsep cermin*. Miturut Jabrohim (2003: 158) sosiologi sastra menika pendekatan sastra ingkang nggatosaken *segi-segi kemasyarakatan*. Wonten sesambetan kaliyan andharan kasebut, *sastra* menika asipat *mimesis* (tiruan) masarakat.

Sosiologi sastra inggih menika sawijining *telaah* ingkang *objektif* lan *ilmiah* babagan priyantun wonten ing bebrayan ageng saha babagan *sosial* ugi *proses sosial*. Sosiologi ngrembag kados pundi ngrembakaning masarakat. Kanthi mangertosi babagan lembaga-lembaga social, politik lan sanesipun (Atar, Semi: 52). Endraswara (2004: 79) ngandharaken bilih sosiologi sastra menika panaliten ingkang fokus ing

kedadosan ingkang dipunlampahi priyantun amargi sastra asring ngandharaken anggenipun tiyang menika *berjuang kangge masa depan* miturut *imajinasi*, raos saha *intuisi*.

Kajawi pamanggih-pamanggih ing nginggil taksih kathah pamanggih para ahli bab pangertosan *sosiologi*. Saking katrangan-katrangan ing nginggil mila saged kaandharaken bilih tegesipun tembung *sosiologi sastra* inggih menika ngelmi ingkang ngrembag bab asal-usul saha tuwuhipun masarakat, ngelmu ingkang nyinaoni gegayutanipun manungsa ing masarakat ingkang asipat umum. Sosiologi sastra inggih menika panaliten sastra ingkang ngrembag bilih sastra menika minangka kaca benggala pagesangan masarakat kanthi umum.

Tembung *antropologi* kadhapuk saking tembung *antropo* utawi *antro* kaliyan tembung *logi*. Antro menika mila bikanipun saking tembung basa Yunani anthropos ingkang tegesipun manungsa utawi tiyang. Bilih logi menika dhapukan saking tembung logos ingkang tegesipun wacana, ngelmi, akal utawi nalar.

Bernard (lumantar Endraswara, 2008:109) ngandharaken bilih panaliten antropologi sastra sumberipun saking 3 perkawis inggih menika, 1.) priyantun, 2.) artikel babagan sastra, 3.) *bibliografi* saking tiga perkawis kasebut saged dipundadosaken dasar kangge panaliti ngandharaken wosipun salah satunggaling karya sastra.

Miturut Haviland (1999: 19) *antropologi* menika tegesipun ngelmi babagan umat manungsa, ngelmi ingkang ngupaya ndamel susunan *generalisasi* ingkang

mumpangati bab manungsa saha tindak-tandukipun supados saged ngasilaken pangertosan ingkang jangkep tumrap *keanekaragaman*ipun manungsa. Ing pamanggihipun Haviland langkung nengenaken bab manungsa kaliyan tindak-tandukipun.

Pamanggih sanesipun inggih menika Koentjaraningrat (2009: 12) ingkang ngandharaken bilih antropologi menika ngelmi ingkang nyinauni umat manungsa kanthi umum kanthi cara nyinau warni-warnipun, fisikipun masarakat, sarta kabudayan ingkang dipunasilaken.

Miturut Keesing (ing Endraswara (2015:1) bahan panaliten antropologi sastra inggih menika sikep kaliyan solah bawa tiyang miturut kasunyatan *satra* lan budaya. Antropologi sastra menika ngrembag babagan sikep kaliyan solah bawa ingkang tuwuh minangka kabudayan wonten ing karya sastra. Endraswara (2015:17) ngandharaken bilih sastra minangka kaca benggala pagesangan tiyang menika mboten saget ucul saking kabudayan.

Saking katrangan-katrangan ing nginggil mila saged kaandharaken bilih tegesipun tembung *antropologi* inggih menika ngelmi ingkang ngrembag bab sedaya aspek gesangipun manungsa. Sedaya bab ingkang gayut kaliyan gesangipun manungsa inggih menika adat utawi pikiranipun manungsa, tumindakipun manungsa, saha pirantos ingkang dipunasilaken. Langkung cetha malih pangertosan antropologi dipunwatesi bilih ngelmi menika nyinau bab-bab ingkang gayut kaliyan kabudayanipun manungsa ingkang sippatipun mligi, unik, khas, orisinil, otentik

ingkang dados titikan manungsa utawi masarakat tartamtu ingkang tuwuhipun saking masarakat menika piyambak.

Saking andharan-andharan ing nginggil saged kababar bilih *sosioantropologi* sastra menika nyinaoni bab pangesangan manungsa ing masarakat, sesambetan manungsa ingkang wonten nuwuhaken kabudayan masarakat kasebut. Manungsa ingkang dipunkajengaken wonten ing *sosioantropologi* sastra inggih menika manungsa ingkang wonten ing karya sastra utawi ingkang asring dipunsebut paraga.

D. Pangertosan *Novel*

Miturut Abrams (lumantar Nurgiantoro, 2010:9) sebatan *novel* saking basa Itali inggih menika *novella* (ing basa Jerman: *novelle*). Ancasipun *novella* kanthi harfiah inggih menika ‘salah sawijining piranti enggal ingkang alit’, lan salajengipun dipunancas minangka ‘cariyos cekak ingkang awujud prosa’. Tembung *novella* dan *novella* ngandhut pangertosan ingkang sami kaliyan tembung Indonesia *novelette* (Inggris: *novelette*), ingkang ancasipun salah sawijining karya prosa fiksi kang dawanipun cekapan, boten dawa sanget ugi mboten cekak sanget.

Miturut Waluyo (2011:5) novel inggih menika bentuk *karya sastra crita fiksi* ingkang langkung enggal. Novel gadah cirri-ciri inggih menika bilih paraga utaminipun nglampahi owah nasib.

Syarifudin, Yahya, Jusof, lan Makhsud (2013: 228) ngandharaken pamanggihipun babagan novel kados dene ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

Novel is part of literary work which tells a story about life, such as a social problem in a certain society where the author lives. In analyzing a literary work like novel, it is suggested to start it through the intrinsic or extrinsic aspects of the novel. Characterization is one of the elements of intrinsic aspects of novel. This characterization comes from the psychological development of the character which appears in the series event or its plot. Novel is also usually called as world of words.

Saking andharan ing nginggil saged kababar bilih novel menika salah sawijining karya sastra ingkang nyariyosaken babagan pagesangan. *Novel* ugi saged dipunsebat donyaning tetembungan, amargi tembung-tembung ing novel kalebet minangka struktur tanda-tanda ingkang nggadahi ancas.

Novel minangka salah satunggaling *genre* sastra ingkang gadah fungsi paring panglipur kagem pamaos. *Novel* salah satunggaling jinis sastra ingkang asipat *fiktif*, ananging cariyos saged dados setunggal lelampahan gesang ingkang nyata kang langkung jero malih, *novel* gadah tugas kangge nyinaoni lelampahan *batin* pamaos utawi priyantun (Damono, 1984: 2). *Novel* minangka karya sastra saget ugi paring marempun manah, paring *penghayatan* kagem menapa ingkang kita mangertosi sarta saget paring pitulungan kagem pamaos dados priyantun ingkang tepang budaya (Sumardjo dan Saini, 1986:8). Sanesipun manpangat sastra miturut Aristoteles lumantar karyanipun *The Poeties*, ngandharaken bilih sastra gadah manpangat minangka *katarsis (chatarisis)*, inggih menika mbebasaken jiwa marang pamaos, mbebasaken pamaos saking raos emosi (lumantar Wellek dan Werren, 1989: 3)

Konflik ingkang nemtokaken nasib para paraganipun wonten ing salah sawijining novel menika perkawis ingkang kedah wonten, ananging novel ugi gadah unsure-unsur ingkang ngracik novel ingkang salajengipun kabentuk *totalitas*.

E. Konflik ing Novel

Konflik ing karya sastra menika wigatos sanget kangge pangrembakaning *alur* cariyos. *Alur-alur* ing cariyos menika dipunpangaribawani kaliyan wujud saha isinipun *konflik* ingkang dipuntampilaken. Wontenipun *konflik* ing karya sastra *naratif* menika ndadosaken pamaos langkung wigatos kangge mangertosi menapa isinipun cariyos menika. Pangertosan *konflik* miturut Meredith & Fitzgerald (ing Nurgiyantoro, 2007: 122) inggih menika kahanan ingkang boten ngremenaken ingkang kadadosan utawi dipunlampahi dening paraga-paraga ing cariyos, menawi pikantuk milih, paraga-paraga kasebat boten badhe milih prastawa kasebat kadadosan ing pagesanganipun. Nurgiyantoro (2007: 122) gadhah pamanggih bilih *konflik* ing kasunyatan menika ngemot *konotasi* ingkang negatif, utawi kahanan ingkang boten ngremenaken, saengga manungsa langkung remen menawi tebih saking *konflik* saha gadhah kekajengan supados nglampahi pagesangan ingkang tentrem. Salajengipun dipuntambah dening Nurgiyantoro (2007: 123) bilih prastawa menika wonten gayutanipun kaliyan konflik, kekalihipun saged njalari kadadosan anawisipun satunggal menapa sanesipun, sejatosipun konflik inggih menika prastawa. Prastawa tartamtu saged njalari konflik, semanten ugi menawi wonten *konflik*, mila kathah prastawa-prastawa sanesipun ingkang tuwuh.

Wellek & Warren (ing Nurgiyantoro, 2007:122) *konflik* inggih menika satunggal kahanan ingkang dramatik, wonten tetandhingan antawisipun kalih kekiatan ingkang sami saha wonten tindakan kaliyan piwalesipun. Prastawa menika gegayutan kaliyan *konflik*, prastawa saged ndadosaken *konflik*, semanten uga konflik saged

ndadosaken prastawa-prastawa salajengipun, prastawaprastawa kasebat njalari *konflik* sengsaya ngrembaka. Ing *Novel* Katresnan kang Angker *konflik-konflik* ingkang dipunlampahi menika dipunsebabaken amargi katresnan ingkang dipunraosaken paraga. *Konflik* ingkang dipunlampahi dening saben paraga menika kadadosan ing salebeting batos saha konflik antawisipun paraga satunggal kaliyan paraga sanesipun. Kekalihipun konflik kasebat menika wonten sambung rapetipun amargi saged njalari kadadosan *konflik* satunggal paraga kaliyan sanesipun.

Miturut Stanton (ing Nurgiyantoro, 2007: 124) *konflik* saged kaperang dados kalih warni, inggih menika *konflik* fisik saha *konflik* batin, konflik internal (*internal conflict*) saha konflik eksternal (*external conflict*). Konflik batin, inggih menika konflik ingkang kadadosan ing batosipun paraga. Kejawi saking makaten, ugi wonten konflik ingkang awujud fisik, inggih menika prastawa ingkang nglibataken tindakan fisik, antawisipun paraga kaliyan ingkang ing njawinipun inggih menika paraga sanes utawi kaliyan lingkunganipun. *Konflik internal* (kejiwaan) inggih menika *konflik* ingkang kadadosan ing batosipun paraga, saengga konflik kasebat namung dipunlampahi dening manungsa kaliyan badanipun piyambak. Tuladhanipun inggih menika dipunsebabaken amargi wonten kekajengan, keyakinan ingkang beda ing batosipun piyambak.

Konflik eksternal inggih menika *konflik* ingkang kadadosan antawisipun satunggal paraga kaliyan bab ing njawinipun paraga, saged kaliyan lingkungan utawi kaliyan manungsa. Awit saking makaten, miturut pamanggihipun Jones (ing

Nurgiyantoro, 2007:124) konflik eksternal saged dipunperang dados kalih, inggih menika konflik fisik saha konflik sosial.

Adhedhasar pamanggihipun Nurgiyantoro (2007: 124), konflik fisik inggih menika konflik ingkang dipunsebabaken amargi wontenipun benturan antawisipun paraga kaliyan lingkungan alam, tuladhanipun konflik ingkang dipunlampahi dening paraga amargi wonten kadadosan bencana alam. Ingkang salajengipun, konflik sosial miturut Nurgiyantoro inggih menika konflik ingkang dipunsebabaken amargi kontak sosial antawisipun manungsa satunggal kaliyan sanesipun utawi amargi wonten perdebatan, cekcok, pembunuhan, perang, utawi perkawis-perkawis ingkang gegayutan kaliyan sosial sanesipun.

Masyarakat sosial gadhah karakteristik budaya saha kepentinganipun piyambak-piyambak, saengga menawi ing pasrawungan wonten bab ingkang boten trep kaliyan prinsip ingkang dipungadhahi menika saged nuwuhaken padudon. Gegayutan kaliyan konflik sosial, miturut pamanggihipun Sayuti (2000: 42) konflik sosial inggih menika konflik ingkang kadadosan antawisipun manungsa ing masyarakat ingkang biyasanipun awujud konflik paraga ingkang gayutanipun kaliyan perkawis sosial. Konflik kasebat tuwuh amargi sikap individu tumrap lingkungan sosialipun ngingingi maneka warni perkawis, tuladhanipun pertentangan ideologi, pemaksaan hak, lan sanes-sanesipun.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih ing *Novel Katresnan kang Angker* menika ngemot konflik ingkang sipatipun sosial saha batos, mila ing panaliten mendhet data-data ingkang awujud *representasi*

katresnan lan sesambetan *representasi* katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitan Suparta Brata kaliyan konflik ing novel kasebut.

F. Kapribaden Tiyang Jawi

Pagesangan masarakat ing Jawi menika tansah nggatosaken sikap-sikap kang sae supados gesangipun lumampah kanthi selaras antawis sesambetan kaliyan Gusti Allah, sesambetan kaliyan tiyang sanes ugi kaliyan awakipun piyambak. Sikap pagesangan tiyang Jawi menika dipuntindakaken minangka wujud saking kapribaden tiyang Jawi kasebut.

Manungsa menika dipunciptaaken minangka *makhluk sosial*, mboten wonten ingkang saget gesang piyambak. Menawi badhe nindakaken menapa kemawon, temtu mbetahaken pambyantu saking tiyang sanes. Wonten ing pagesangan ing bebrayan ageng manungsa kedah saget njagi pagesangan ingkang rukun. Sikap gesang ing pagesangan masarakat arupi *isin, pekewuh, wedi, ethok-ethok* (Mulder, 1996: 50). 1) *Raos isin* menika tuwuh menawi nindakaken salah bawa ingkang mboten leres utawi mboten miturut norma wonten masarakat Jawi. Raos isin menika salah sawijining raos ingkang kiyat ingkang dipungadahi tiyang Jawi supados salah bawanipun tansah miturut kaliyan norma ing masarakat (Suseno, 2003: 65). 2) *Raos Pekewuh* kangge tiyang Jawi tuwuh nalika sampun ageng. Pekewuh menika kalebet sipat ingkang sae, kejawi damel tiyang sanes remen, ugi saget ngraketaken sesambetan antawis tiyang. Raos pekewuh menika wonten sesambetanipun kaliyan ngajeni tiyang kang langkung inggil drajatipun, tiyang kang dereng raket, lan sanesipun. Pekewuh menika nuwuhaken raos mboten sekeca

manahipun menawi solah bawa utawi pangandikanipun damel kuciwanipun tiyang sanes.

3) Raos wedi inggih menika sikap ngormati wonten ing masarakat Jawa ingkang kawujud saking alit. Wedi ingkang dipunraosaken menika, wedi awit *akibat* saking solah bawanipun (Greetz, 1985: 116). Sikep wedi tuwuh nalika kepanggih utawi sapa aruh kaliyan tiyang ingkang kedah dipunkormati, kanthi mboten nindakaken solah bawa ingkang mboten sae. 4) *Raos ethok-ethok* kalebet raos ingkang sae amargi mboten ngandharaken kawontenan ingkang saestu kedadosan kaliyan awakipun piyambak, utaminipun kaliyan bab ingkang mboten dipunparengaken dipunmangertosi tiyang sanes. Miturut Greetz (lumantar Suseno, 2003:43) sikep ethok-ethok menika kangge njagi supados pasedherekan tansah sae, sikep menika nyimpen raos ingkang sejatosipun. Sikep ethok-ethok menika wujud saking watak pasemon utawi watak tiyang Jawi ingkang semu.

R.Sunarto (lumantar Herusatoto, 2008:126) ngandharaken kapribaden tiyang Jawi dhumateng agami inggih menika wonten tiga, kasebut ugi trisila ingkang wonten ing serat Sasangka Jati inggih menika *eling, pracaya* lan *mituhu*. 1) *Eling* inggih menika sikap ingkang tansah ngabekti dhumateng Allah, priyantun tansah ngatos-atos anggenipun tumindak saha saged mbedakaken menapa ingkang leres lan lepat, ingkang nyata lan mboten nyata, ingkang owah lan ingkang mboten owah (Herusatoto, 2008:126). Sikap *eling* menika ndadosaken tiyang Jawi tansah eling marang kodratipun, bilih sedaya wonten ing alam donya menika wonten ingkang nyiptakaken. Tiyang Jawi kedah gadah sikap *eling* wonten babagan menapa kemawon, kanthi mekaten mila tiyang Jawi tansah tumindak sae lan njagi saking sikap lan pangandikan ingkang ala (Endraswara,2006:37). 2) *Sikap pracaya* inggih menika

pracaya dhumateng utusan-utusan Allah, ingkang dipunsebat guru sejati, kanthi kapitadosan kasebut mila pitados ugi dhumateng dhiri pribadhi sarta dhateng Allah (Herusatoto, 2008:126). Kapitadosan kasebut adamel tiyang tansaya mantep anggenipun ngibadah, kapitadosan menika ugi minangka gaman kangge ngraketaken dhiri dhumateng Allah. 3) *Sikap mituhu* inggih menika setya lan tansah nindakaken dhawuhipun Allah lumantar utusan Allah (Herusatoto, 2008: 127). Miturut tiyang Jawi kapitadosan dhumateng Allah menika wonten *kewajiban* ingkang kedah dipuntindakaken minangka wujud saking taat saking menapa ingkang dipundhawuhaken.

Kejawi kapribaden tiyang Jawi dhumateng Agami, kaliyan dhumateng masarakat wonten ugi kapribaden tiyang Jawi dhumateng dhiri pribadhi. Mukorimah (2008: 314-315) ngandharaken kapribaden tiyang Jawi dhumateng dhiri pribadhi kaperang dados tiga inggih menika, *rila*, *nrima* lan *sabar*. 1) *Sikap rila* inggih menika sikap lila utawi legawa. Rila kaliyan sedaya ingkang sampun ginaris dhateng piyambakipun, lan masrahaken sedayanipun kaliyan Gusti Allah. rila menika salah sawijining sikap lila saking manah lan pasrah babagan pangkat, bandha, lan kaluwarga menika minangka titipan saking Allah ingkang sawanci-wanci dipunpendhet. Rila menika tumuju tekad ingkang dipunciptakaken amargi gadah pangajab pikantuk gantos langkung sae (De Jong, 1976:18). 2) *Raos nrima* menika mboten ngersakaken menapa ingkang dipungadahi tiyang sanes, sarta mboten meri kaliyan kabagyanipun tiyang sanes, mila tiyang ingkang nrima menika dipunsebut ugi tiyang ingkang tansah syukur kaliyan Tuhan (R. Soenarto ing Herusatoto, 2008; 128). Raos nrima ingkang dipunajaraken tiyang Jawi

ndamel tiyang ngraos cekap kaliyan menapa ingkang dipungadahi lan mboten gampang mongkog marang awakipun piyambak. 3) Raos sabar menika sikep ingkang sae lan kedah dipungadahi sedaya tiyang amargi saged ndamel tiyang langkung ngatos-atos anggenipun tumindak. Raos sabar andamel tiyang Jawi kiyat anggenipun ngadepi pagesangan. Tiyang ingkang sabar menika gadah kapitadosan bilih sedaya alangan menika saking Gusti Allah.

Mekaten wau maneka warna kapribaden tiyang Jawi, anggenipun analisis data wonten ing panaliten menika ngginakaken maneka warna kapribaden kasebut antawisipun 1). isin, 2) pekewuh, 3) wedi, 4) ethok-ethok 5) eling, 6) pracaya, 7) mituhu 8) rila, 9) nrima lan 10.) sabar

G. Kabudayan Jawi

Masyarakat inggih menika setunggal kelompok tiyang-tiyang ingkang kaiket dening *sistem adat istiadat* (Koentjaraningrat, 1996:100). Masyarakat Jawi menika masyarakat ingkang gesang lan ngrembaka wiwit jaman rumiyin dumugi jaman sakmenika ngginakaken basa Jawi lan maneka warna *dialekipun* lan mapan wonten ing saperangan ageng *Pulau Jawa*. Budaya Jawi inggih menika kabudayan saking Jawi, kabudayan ingkang dipuntindakaken dening tiyang Jawi mliginipun Jawa Tengah, Daerah Istimewa Yogyakarta dan Jawa Timur. Kabudayan Jawi menika asil saking pamikiranipun tiyang Jawi ingkang dipunwujudaken dados tradhisi ingkang dipunuri-uri dumugi sakmenika. Kabudayan Jawi menika wonten maneka warna antawisipun lelagon Jawi, piranti *musik* tradhisional, *omah adat* Jawi, unggah-ungguh Jawi lan sapiturutipun.

Wonten ing novel menika wonten maneka warna kabudayan ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna ing salebeting cariyos. Wonten ing novel menika ingkang dipunanalisis inggih menika babagan adat kebiasaan tiyang Jawi ing pasrawungan.


H. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika, inggih menika panaliten I Gede Gita Purnama Arsa Putra (2012) mahasiswa Program Magister Konsentrasi Wacana Sastra Universitas Udayana Bali, kanthi irah-irahan “*Representasi Multikulturalisme dalam Trilogi Novel Sembalun Rinjani karya Djelantik Santha*”. Panaliten kasebut ngrembag babagan kadospundi representasi multikultural, respon paraga babagan multikultural kaliyan tanggapan penganggit babagan multikultural ing novel Trilogi Novel Sembalun Rinjani anggitanipun Djelantik Santha. Kejawi panaliten kasebat, ugi wonten panaliten ingkang ngrembag babagan representasi inggih menika panaliten Preciosa Alnashava P. (2012) mahasiswa Program Studi Pascasarjana Kekhususan Ilmu Komunikasi, Universitas Indonesia, kanthi irah-irahan “*Representasi Kekerasan Simbolik pada Hubungan Romantis dalam Serial Komedi Situasi How I Met Your Mother*”. Panaliten kasebut ngrembag babagan kadospundi *representasi kekerasan simbolik dalam hubungan romantis* kaliyan *kadospundi konstruksi ideologi patriarki* wonten ing *Serial Komedi Situasi How I Met Your Mother*.

Panaliten-panaliten menika dados panaliten ingkang jumbuh amargi panaliten menika ugi ngrembag bab representasi. Panaliten menika gadah irah-irahan

“*Representasi* Katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata”. Panaliten I Gede Gita Purnama Arsa Putra (2012) kaliyan Preciosa Alnashava P. (2012) ugi sami ngrembag babagan representasi. Bedanipun inggih menika babagan objek panaliten I Gede Gita Purnama Arsa Putra (2012) ngrembag babagan kadospundi representasi multikultural, respon paraga babagan multikultural kaliyan tanggapan penganggit babagan multikultural, menawi Preciosa Alnashava P. (2012) ngrembag babagan kadospundi *representasi kekerasan simbolik dalam hubungan romantis* kaliyan *kadospundi konstruksi ideologi patriarki*. Subjek Panaliten ugi beda “*Representasi* Katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata” subjek panalitenipun inggih menika arupi Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata, menawi panaliten I Gede Gita Purnama Arsa Putra (2012) subjek panaliten ngginakaken Novel Sembalun Rinjani anggitanipun Djelantik Santha, Preciosa Alnashava P. (2012) subjek panaliten ngginakaken *Serial Komedi Situasi How I Met Your Mother*. Panaliten kala wau temtu jumbuh kaliyan panaliten menika lan mangaribawani caranipun makarya dhateng panaliten menika amargi sami mbabar utawi ngandharaken babagan representasi ingkang wujud datanipun wanda, frase, saha ukara.

I. Nalaring Pikir



Bagan 1.
Nalaring Pikir Panaliten *Representasi Katresnan wonten ing Novel Katresnan kang Angker* Anggitanipun Suparto Brata.

Nalaring pikir wonten ing panaliten menika kawiwitan saking wontenipun *Novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata minangka salah satunggilipun karya sastra. Salah satunggilipun unsur intrinsik wonten ing karya sastra menika inggih menika paraga.

Salajengipun pirantos ingkang dipunginakaken kangge mbedhak (ngrembag) karya sastra ing nginggil inggih menika *sosioantropologi* sastra. *Sosioantropologi* sastra menika ngrembag bab persepsi paraga ing karya sastra tumrap masarakat ingkang wonten ing karya sastra. Salajengipun dipunadosi representasi katresnan ingkang dipunandharaken kaliyan paraga-paraga wonten ing *novel Katresnan kang Angker*. Ing panaliten badhe kapanggihaken sasambetanipun representasi katresnan kaliyan konflik sosial wonten ing *novel* menika. *Representasi katresnan* paraga menika perlu dipungayutaken kaliyan *konflik sosial* wonten ing *novel* amargi *sosioantropologi* sastra menika ngrembag *persepsi* manungsa (paraga ing *novel*) tumrap prastawa-prastawa ing masarakat (masarakat ing *novel*). Inggih punjagan ing panaliten menika ngandharaken ugi kabudayan ingkang tuwuh amargi wontenipun katresnan ing salebeting cariyos Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparto Brata.

Representasi katresnan wonten ing novel dipunkaji kanthi teori ingkang mbedakaken katresnan ing maneka warna jinis, inggih menika 1.) *cinta persaudaraan*, 2.) *cinta keibuan*, 3.) *cinta erotis*, 4.) *cinta diri sendiri*, 5.) lan *cinta* kaliyan Tuhan. Sedaya jinis *representasi* katresnan kasebut dipunandharaken miturut kapribaden tiyang Jawi inggih menika: 1) eling, 2) rila, 3) nrima 4.) sabar, 5.) ethok-ethok, 6.)

isin, ugi 7.) pekewuh, salajengipun dipungayutaken kaliyan konflik sosial ing salebeting cariyos. Ingkang pungkasan ngandharaken babagan kabudayan ingkang tuwuh amargi eontenipun katresnan ing Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparto Brata.

Perkawis ingkang wigatos saking teknik panaliten menika arupi *analisis* isi amrih saged manggihaken saha pados klasifikasi bab-bab miturut wosing perkawis ingkang badhe dipunrembag inggih menika (1) maos kanthi dipunambal-ambali malih saha maos kanthi kritis *novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparto Brata, (2) ngempalaken data lan nyinaoni teori-teori ingkang *relevan* miturut kajian panaliten kangge dhasar anggenipun *mengkaji* novel, (3) nyerat lan damel *analisis* sedaya data ingkang arupi kutipan ingkang wigati miturut wosing panaliten ingkang dipunrembag.